



Pou Piblikasyon Imedya: 23/01/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE CAPE VINCENT, LYONS FALLS AK WADDINGTON
KÒM GAYAN NORTH COUNTRY POU PREMYE FAZ PWOGRAM NY FORWARD
LA**

***Vilaj Cape Vincent pral resevwa 4.5 milyon dola; Vilaj Lyons Falls ak Waddington
pral resevwa 2.25 milyon dola yo chak***

***Nouvo 100 milyon dola Pwogram NY Forward la apiye dinamik pou reyisit
Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la pou sipòte yon rekiperasyon anba labil ki
pi ekitab pou kominote riral ki pi piti New York yo***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Vilaj Cape Vincent ap resevwa 4.5 milyon dola epi Vilaj Lyons Falls ak Waddington ap resevwa yo chak 2.25 milyon dola finansman antanke gayan rejyon North Country pou premye faz NY Forward la. Pou apiye dinamik pou reyisit Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil (Downtown Revitalization Initiative, DRI) Eta a, 100 milyon dola pwogram NY Forward la adopte menm estrateji "Planifye apre sa Aji (Plan-then-Act)" DRI a pou sipòte yon rekiperasyon anba lavil ki pi ekitab pou kominote riral ki pi piti nan New York yo. Nan kad Faz En NY Forward la, y ap bay de a twa pri a kominote ki pi piti bay chak nan dis rejyon devlopman ekonomik yo pou sipòte devlopman epi mete anplas plan revitalizasyon pou anba lavil yo.

"Administrasyon mwen an angaje pou asire ke tout kominote New York yo pwospere, epi envestisman estratejik tankou sa ap ede kominote riral ki pi piti yo atenn potansyèl yo nèt," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nou kontan anpil pou wè fon sa yo ale jwenn Cape Vincent, Lyons Falls ak Waddington, epi nou pa ka tann pou demare pwojè sa yo k ap ranfòse anba lavil yo."

[NY Forward](#) se yon eleman santral nan efò devlopman ekonomik Eta a, k ap travay ansanm ak Inisyativ Devlopman Anba Lavil (Downtown Revitalization Initiative, DRI), pou akselere revitalizasyon anba lavil New York. NY Forward sèvi kominote ki pi piti yo ki gen pèsanaj istorik ki distenge yo de pi gwo yo, an jeneral yo finanse distri komèsyal santral ki pi iben yo atravè DRI. Kominote NY Forward yo se kominote pyeton, ki se zòn ki mwen dans ki sèvi kominote lokal dirèk la, epi ki gen plis nati lokal - ki konsantre sou anviwònman rezidansyèl dirèk oswa devlopman agrikilti santral la.

Menm jan ak DRI a, chak kominote NY Forward yo ap devlope yon Plan Envestisman Estratejik pou revitalize anba lavil li atravè yon lis pwovizwa pwojè ki pare pou mete sou pye. Depatman Deta a (Department of State) ap bay asistans teknik ki amelyore pou sipòte ti kominote yo pi byen epi finanse ki apwopriye ak gwosè chak kominote. Pwojè yo ka genyen ladan yo renovasyon ak redevlopman bilding, nouvo konstriksyon oswa kreyasyon nouvo espas piblik oswa espas ki amelyore ak lòt pwojè ki ogmante kalite kiltirèl, istorik presi.

Cape Vincent

Vilaj Cape Vincent se yon ti komin, kominote riral ki gen resous natirèl panoramik inik. Anba lavil Cape Vincent an se yon zòn komèsyal ak rezidansyèl. Yon Vilaj Vè kote yo fè konsè ak lòt aktivite chita nan sant lan, epi kote Rivyè St. Lawrence River lan koule an paralèl ak pasaj prensipal anba lavil la. Anpil investisman prive ak piblik nan vilaj la ankou, k ap kreye dinamik pou plis efò revitalizasyon, epi Vilaj la angaje pou prezève kalite esansyèl ki fè li yon kote moun dezire viv pandan l ap amelyore ekonomi lokal la lè li fè pwomosyon rezidansyèl ki konpatib ak kwasans ti biznis. Pou reyalize vizyon li pou revitalizasyon, Cape Vincent ap chèche kreye ri ki pi an sekirite epi ranfòse pasrèl nan kominote a, amelyore yon pò antre entènasyonal, devlope bilding plizyè etaj ak itilizasyon miks, epi amelyore koneksyon ak bò dlo a.

Lyons Falls

Vilaj Lyons Falls sitiye nan konfliyan Rivyè Moose ak Black epi li sitiye sou yon chit dlo 70 pye. Vilaj la te antreprann chanjman ki enpòtan pandan 20 lane ki pase yo kote li te fèmen Lyons Falls Pulp ak Paper Mill, men investisman piblik ak prive resan an, efò planifikasyon lokal ak amelyorasyon enfrastrikti yo te kòmanse favorize lòt devlopman. Vilaj la ap chèche apiye efò sa yo lè li ogmante opòtinite touris rekreatif ki konsantre sou Rivyè Moose ak Black, ensite devlopman ekonomik epi selebre istwa rich ak bote zòn nan.

Waddington

Anba lavil Waddington lan se yon distri komèsyal pyeton epi konpak ki byen defini ki antrelase ak estrikti rezidansyèl senp ak miltip ansanm ak yon melanj ekletik bilding 19yèm syèk an bwa ak wòch plizyè etaj ak achitekti itilite 20yèm syèk ki pare pou redevlopman. Pandemi COVID-19 la te chanje kalite lavi ak koutim travay ki te fè Waddington tounen yon kote ki atreyan pou rezidan tout laj, ki pote investisman piblik ak prive ki te kreye pi plis opòtinite ekonomik nan anba lavil la. Waddington ap chèche apiye investisman sa yo lè li amelyore peyizaj ri ak oryantasyon, redevlope bilding itilizasyon miks istorik yo epi konekte anba lavil la ak bò dlo a.

Sekretè Deta a, Robert J. Rodriguez, te deklare, "Nouvo pwogram revitalizasyon anga lavil ki inovan New York la, NY Forward, sipòte yon rekipasyon ki pi ekitab pou ti kominote anba lavil ki pi piti eta a. Cape Vincent, Lyons Falls ak Waddington, tout gen cham ti komin istorik ak resous natirèl panoramik, ki konbine ak potansyèl kwasans alavni, ki fè yo se kominote ideyal pou resevwa finansman NY Forward. Mwen pa ka tann pou wè chak plan estratejik kominote pou reyalize potansyèl konplè anba lavil sa yo."

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "Antanke benefisyè premye faz NY Forward pou North Country, Vilaj Cape Vincent, Lyons Falls ak Waddington reprezante bote ak cham ti kominote riral sa yo ki fè yo se kote ki ekstraòdinè pou viv, travay, epi vizite. Plan estratejik ki dirije lokalman yo ap mennen nan pwojè ki vize pou ogmante sante ekonomik ak dinamik vvilaj yo pandan y ap prezève sa ki rann yo inik."

Ko-Prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyon North Country a, James McKenna, te deklare, "Nan non Konsèy la, remèsipan a Gouvènè Hochul dèske li sipòte kominote ki pi piti yo atravè pwogram NY Forward la. Atravè pwogram NY Forward la, pwojè yo sipòte ak finansman ke yo bay Cape Vincent, Lyons Falls ak Waddington yo ap katalize nouvo envestisman ak kwasans, k ap jenere plis devlopman ekonomik rejyonal."

Senatè Eta a, Dan Stec, te deklare, "Waddington se yon komin ki gen anpil potansyèl ak opòtinite pou plis kwasans ak devlopman. Finansman NY Forward ki anonse jodi a ap ede kominote a ranfòse espas piblik li yo epi bay ekonomi lokal li a jarèt. Sa ap genyen yon enpak pozitif pou fanmi ak biznis Waddington yo menm jan."

Manm Asanble Scott Gray te deklare, "Se yon nouvel ki byen veni ke vilaj Cape Vincent ak Waddington ap resevwa finansman nan pwogram NY Forward lan. Mwen pa ka tann pou travay ak Depatman Deta ak ofisyèl eli lokal yo pou ofri tout asistans ki nesèsè pou pwojè revitalizasyon sa yo pou ede asire pwosperite alavni toulede vilaj yo."

Manm Asanble Ken Blankenbush te deklare, "Vilaj Lyons Falls ap benefisye anpil de finansman NY Forward sa. Li enpòtan anpil pou nou bay atansyon ki egal a ti kominote riral yo menm jan nou bay a gwo vil yo. Mwen pa ka tann pou wè pwojè revitalizasyon k ap fèt nan Lyons Falls yo ak kijan y ap ede nan siksè kontini li."

Majistra Waddington, Mike Zagrobelny, te deklare, "Prim NY Forward la se ap yon pri ki chanje jwèt la pou Waddington, epi apiye travay enkwayab ke rezidan lokal ak pwopriyetè biznis yo te fè pandan dèzane. Antanke Majistra Waddington, mwen rekonesan a Gouvènè Hochul epi mwen tandè angajman klè li pou rekonstui epi ranfòse ekonomi an pa sèlman nan Waddington men nan tout North Country. Aplikasyon ki reyisi nou an pa t ap posib san travay di ti komite rezidan lokal nou an ki te kreye bouyon an. Angajman yo anvè kominote a, refleksyon inovan yo, ak travay nan kooperasyon pou konplete aplikasyon sa se sèlman yon egzanp jenerozite ak volontarya ki fè Waddington yon kote ki tèlman espesyal. Rezidan ak viziè Waddington pase ak prezan yo te rekonèt Waddington kòm yon jèm kache Rivyè St. Lawrence depi lontan. Gras ak rekonesans Gouvènè Hochul ak soutyen pwogram NY Forward la, Waddington ap kontinye briye pi plis toujou."

Majistra Vilaj Cape Vincent, Jerry Golden, te deklare, "Se yon nouvel ki pote anpil antouzyas pou Cape Vincent pou l onore ak yon prim ki soti nan New York Forward

ane sa. Nou te envesti tèlman nan kominote nou an pa sèlman ak lajan men ak travay di pou fè kominote nou an espesyal pa sèlman pou rezidan nou yo men pou tout moun k ap vizite nou pandan tout ane a. Nou rekonesan anpil anvè komisyon an ak Gouvènè Hochul dèske yo onore nou ak prim sa. Mèsi."

Majistra Vilaj Lyons Falls Donna Dolhof te deklare, "Nou tèlman rekonesan anvè Eta New York pou investisman li nan ti kominote nou an. Sibvansyon sa se yon faktè ki chanje jwèt la pou Vilaj nou an epi nou kontan anpil pou itilize fon sa yo pou fè plan devlopman ekonomik nou an vanse pou pi devan"

Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal North Country a (North Country Regional Economic Development Council) te fè yon pwosesis revizyon apwofondi epi konpetitif sou pwopozisyon ke kominote nan tout rejyon an te soumèt, epi li te konsidere kritè sa yo anvan li rekòmande kominote sa yo antanke benefisyè:

- Anba lavil la dwe konpak, ak limit ki byen defini;
- Anba lavil la ka kapitalize sou investisman prive ak piblik yo te fè avan yo epi katalize sila k ap fèt nan katye a ak zòn ki ozalantou yo alavni;
- Kantite pòs travay yo dwe te ogmante dènyèmman oswa yo gen pou ogmante anndan, oswa nan zòn ki touprè sant vil la yo ki ka atire travayè yo vin nan anba lavil la, soutni redevlopman epi fè kwasans lan dirab;
- Anba lavil la dwe se yon kominote ki abitab epi ki atiran pou divès popilasyon ki gen tout laj, revni, sèks, idantite, kapasite, deplasman ak orijin;
- Minisipalite a dwe deja adopte oswa gen kapasite pou kreye epi mete anplas politik k ap ogmante kapasite pou viv ak kalite lavi;
- Minisipalite a dwe te fè yon pwosesis angajman kominotè ki djanm epi ouvè ki ap abouti sou yon vizyon pou revitalizasyon anba lavil ak yon lis pwojè ak inisyativ preliminè k ap kapab antre nan yon Plan Envetisman Estratejik;
- Minisipalite a te idantifye pwojè ki pote transfòmasyon k ap pare pou mete anplas akoutèm avèk yon enjeksyon fon NY Forward; epi
- Minisipalite a gen kapasite lokal pou jere pwosesis planifikasyon an epi mete pwojè yo anplas, ansanm ak kapasite pou sipèvize kontra yo pou pwojè minisipal yo atribye yo.

Kounye a, Cape Vincent, Lyons Falls ak Waddington ap kòmanse pwosesis pou devlope Plan Investisman Estratejik pou revitalize anba lavil yo. Yon Komite Planifikasyon Lokal (Local Planning Committee) ki konpoze ak reprezantan minisipal, lidè kominotè ak lòt pati ki konsène yo ap dirije efò sa yo, epi y ap sipòte pa yon ekip ekspè sektè prive ak planifikatè eta yo. Plan Investisman Estratejik la ap egzamine atou ak opòtinite lokal yo pou idantifye pwojè devlopman ekonomik, ki ale nan menm sans ak vizyon kominote ki pare pou mete anplas la. Y ap akòde fon pou pwojè ki seleksyone yo ki gen pi bon potansyèl pou demare revitalizasyon epi jenere nouvo opòtinite pou kwasans alontèm.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418